Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого,лъилъе,нилъ гьечІого,хур.
Инхоса ГІали-хІажи



www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе
байбихьана 1952 с.

# Гумбет
## Гумбет районалъул газета

№ 11 (6643) 4 март 2019 с. Талат Жумадул ахир 1440 с. Багьа эркенаб

БАРКИ

## Бакълъулазул руччабазда баркула

**ХІурматиял Гумбет районалъул руччаби! РакІ-ракІалъ баркула нужеда, ихдалил байрамазул тІоцебесезул цояб – 8 март. Нилъер улкаялда гьеб байрам кІодо гьабула бищунго хІурматияб къагІидаялъ.**

ЧІужугІадан – гьей ккола инсанасул талихІ-рохел, лъикІабщиналде анищ, хьул. ЧІужугІаданалъ цІунула хъизаналъул къайи-свери, гьелъул кверазги, гІакълъуялги, махщалицаги гІуцІула дунял. Бищунго аслияб, чІужугІадан – гьей йиго эбел. ГІицІго гьеб рагІуе гІоло гьей мустахІикъай йиго гІорхьи гьечІеб хІурматалъе, адабалъе ва тІалаб-агъазалъе. Гьелъул гьумералда рохел, гьими ва разилъи букІин ккола нилъее жинда бащадаб цойги гьечІеб, бищунго кІудияб хазиналъун.

Араб гІасруялда руччабаз нахъа тана бахІарчияб кьеркьеялъул гьайбатаб нух. Бихьиназда цадахъ гьел кьеркьана талихІаб букІинеселъе гІоло. КІудияб ВатІанияб рагъул созназда гьел тыл щула гьабиялда свак лъачІого хІалтІана. ТІолабго улкаялъул руччабазго гІадин, бакълъулазул руччабазги хІаракатаб гІахьаллъи гьабулеб буго районалъул экономика борхизабиялда, лъималазе лъайгун тарбия кьеялда, сахлъи цІуниялда, гІадамазе социалияб хъулухъ гьабиялда.

ХІурматиял руччаби, гьарула нужее щулияб сахлъи, гІемерсоназулаб талихІаб ва рохалилаб гІумру, хІалтІулъ бергьенлъаби. Биччанте нужер гьурмалъ ва рекІелъ букІине разилъи, рохел. Биччанте нужер хъизаналъулаб гъаситоялда кидаго букІине цІа, парахалъи, гьарзалъи. Нужелъ кидаго цІунун хутІаги магІарул чІужугІаданалъулаб гІаданлъи, яхІ-намус, гурхІел-рахІму!

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадов**

НАЛОГАЗУЛ СИЯСАТ

## Росабалъ бизнесалъул хъвай-хъвагІай гьабуни, магІаруллъи цебетІола

**Бакълъулазул районалъул администрациялъул коллегиялъул данделъиялда налогазул суал гьоркьоб лъуна**

**2019 соналъул 26 февралалда «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул кІалгІаялъуб тІобитІана муниципалиталъул администрациялъул коллегиялъул данделъи. Гьениб гьоркьоб лъуна налогал ракІари лъикІ гІуцІиялъул ва налоговияб политикаялъул мунпагІат борхизабиялъул хІакъалъулъ суал.**

Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІерасул заместитель МухІамад Хьарагишиевас.

Данделъиялда гІахьаллъи гьабуна райадминистрациялъул бетІерасул заместитель Малик Маликовас, росабазул бутІруз, гІуцІабазул, школазул нухмалъулез.

«Гумбет район» муниципалияб районалда налогал ракІариялъул, хадубккун гьел ракІари лъикІ гІуцІиялъул, налогал тІад лъолеб база гІатІид гьабиялъул суалалда тІасан доклад гьабуна Федералияб налоговияб хъулухъалъул ДРялда бугеб №12 районазда гьоркьосеб инспекциялъул кІудияй (старшая) Асият ГІумарахъаевалъ.



«Налогал цІикІкІунел руго физическиял лицабазул хайиралдасанги. «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъ налоговиял органазгун, росабазул бутІрузгун ва цогидалги хъулухъазгун цадахъ хІалтІи гьабулеб буго район тун кьватІир ругел, цІикІкІун налогал кьезе рес бугел гІадамал районалда хІаракатчилъи гьабиялда гьорлъе цІаялъе ва бакІалъул бюджеталде налогал гьединазда щвезабиялъе. Гьедин, 2018 соналъул байбихьудаса районалде гьорлъе бачараб «Энергопрогресс» СК ООО-ялъул хІаракаталдалъун физическиял лицабаздаса бачІараб консолидированнияб бюджет бахана 8456 азарго гьурущалде, гьелдасан районалъул бюджеталде 5412,3 азарго гьурущ щвана», – ян абуна Асият ГІумарахъаевалъ.

Гьебго темаялда рагІи абуна районалъул финансазул отделалъул нухмалъулев РурухІма Халидовас.

Данделъиялда гьоркьоб лъураб суалалда тІасан кІалъаял гьаруна районалъул хьаравулльиялъулгун хІисабалъул палатаялъул нухмалъулев Шамил ГІалиевас, Килалъ росдал росдал бетІер АхІмад Каримовас, Гьоркь Инхо росдал бегавул росдал МухІамад Ибрагьимовас ва цогидазги.

Данделъиялда кьабул гьабуна хІукму, гьелда рихьизаруна кинаго налогал ракІари лъикІ гІуцІиялъе гьаризе ккола тадбирал.

**Гебек Гебеков**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## 247 хъулухъ, 59 унтарав, спортзалалъе – лъеберазарго гьурущ

**Социалияб политикаялъул суалазул халгьабуна Бакълъулазул районалда**

**2019 соналъул 25 февралалда Бакълъулазул районалъул администрациялда тІобитІана социалияб политикаялъул, сахлъи цІуниялъул, гІолилазул ва цогидалги кІвар бугел суалал гьоркьор лъураб данделъи.**

Данделъиялда гІахьаллъана федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял идарабазул хІалтІухъаби, учреждениязул ва гІуцІабазул нухмалъулел, районалъул администрациялъул вакилзаби.

Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетІерасул заместитель МухІамад Хьарагишиевас.

Федералияб казначействоялъул Гумбеталда бугеб №19 отделениялъул нухмалъулев АхІмад Мансуровас тІадчІей гьабуна финансовиял операциял гьаруларо законал цІунизе ккеялда.

(Ахир-кІиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Улкаялъул байрахъ борхарав

-2 гьум.



Хвалчадул къвакІиялдаса къалмил тамахлъи бергьунеб

-2 гьум.



Зулмуялъул нухде ккечІого рукІине

-3 гьум.



ЦІияб Килалъ тІобитІана торгІо хІаялъул турнир

-3 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.

Инхоса Пали-хIажи



БАРКИ

# Улкаялъул байрахъ борхарав

### Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасда баркулеб буго 45 сон тIубай

**2019 соналъул 24 февралалда 45 сон тIубана Бакълъулазул районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион, Дагъистаналъул машгъурав политикияв, спортивияв, жамгIияв хIаракатчи ХIажимурад МухIамадов гьавуралдаса.**



Бакълъулазул районалъул гIадамаз, муниципалитеталъул администрациялъул хIалтIухъабаз, росабазул поселениязул бутIруз, учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулез, улкаялъул батIи-батIияб регионазда ругел рикIкIен гIемерал гьудулзабаз, цадахъ хIалтIулез ХIажимурад МухIамадовасда баркана 45 сонилаб юбилей, гьарана сахлъи, талихI-рохел, хIалтIулъ бергьенлъаби.

«ХIурматияв ХIажимурад СайгидмухIамадович! Нижеца ракI-ракIалъ баркула Дуда 45 сон тIубаялъул юбилей. Гьеб юбилеялде мун вачIана кIудияб Россиялъе машгъурлъи щвезабурав, дунялалъул спорталъул тарихалда меседил хIарпаз цIар хъварав инсан хIисабалда. Дуца тIуразарула гурхIел-рахIмуялъулаб, жамгIияб хIалтIи, кидаго хIадур вукIуна гIадамазе кумек гьабизе. «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул хъулухъалдаги бакълъулазул мурадал тIураялъе, гIагараб районалда цебетIей букIиналъе гIоло гIемераб хIалтIи гьабулеб буго. Район социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIеялъе, лъайкьей, сахлъи цIуни, социалияб бутIа, гIолилазул хIаракатчилъи, спорт, маданият, агропромышленнияб комплекс, муниципалитеталъул гIумруялъул киналго рахъал церетIезелъун хIалтIи лъикI гIуцIун буго. РакI-ракIалъ баркула Дуда гьавураб къо, гьарула кинабго лъикIаб щинаб»,-ян хъвалеб буго Бакълъулазул районалъул администрациялъул рахъалдасан баркиялъулаб кагъаталда.

ХIажимурад МухIамадов эркенаб гугариялъул рахъалъ олимпиялъул чемпионлъун 1996 соналъ Атлантаялда роолил олимпиялъул хIаязда, хадув 1997 соналъ Европаялъул чемпионлъун, 2001 соналъ дунялалъул чемпионлъун вахъана.

ЛъугIизабуна Дагъисталъул пачалихъияб университеталъул экономикияб факультет. Гьев ккола Гьудуллъиялъул орденалъул (1997) кавалер. МустахIикълъана «ВатIаналда цебе хъулухъалъе гIоло» кIиабилеб даражаялъул медалалъе, Россиялъул Федерациялъул хIурматалъул грамотаялъе, «Дагъистан Республикаялъул физическияб культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан» абураб хIурматияб цIаралъе. ХIажимурад ккола Россиялъул мустахIикъав тренер. 2005 соналдаса хIалтIана Россиялъул эркенаб гугариялъул рахъалъ тIаса бищараб командаялъул тренерлъун. 2006 соналдаса Гъизилюрт шагьаралда тIобитIулеб буго ХIажимурад МухIамадовасул призалъе гIоло эркенаб гугариялъул турнир. 2016 соналъ ХIажимурад вищана анлъабилеб ахIиялъул Дагъистаналъул халкъияб Собраниялда депутатлъун («Цогояб Россия»). 2017 соналъ вищана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерлъун. Йиго лъади, тарбия кьолеб буго лъабго лъимералъе.

АВАРАЗУЛ КАЛАМ -ГЬЕЛЪУЛ КАМИЛЛЪИ

# Хвалчадул къвакIиялдаса къалмил тамахлъи бергьунеб

### Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIалъул къоялъул хIурматалда шапакъаталги кьуна «Гумбет» газеталъул вакилзабазе

**23-24 февралалда ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб Аваразул драматическияб театралда тIобитIана, ЮНЕСКОялъул хIаракаталдалъун лъазабураб, халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIалъул къоялъул хIурматалда, авар мацIалъул VI фестиваль.**

«Гумбет» газеталъул ва «Аварпресса.ру» порталалъул бетIерав редактор, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член ХIамзат ГIизудиновасе ва «Гумбет» газеталъул фотокорреспондент Гебек Гебековасе фестивалалъул гIуцIарухъаби -аваразул СМИязул Ассоциациялъ кьуна хIурматалъул грамотаби.

«Гумбет» газеталъул хIалтIухъабаз Аваразул театралъул фойеялда бихьизабуна районалъул басма. Гьединго районалъул букIон берцин гьабун букIана ИчичIалиса устар МухIамад Ханахъаевас гьарурал пахьул гулгназ. Халкъиял махщелчагIазул тIагIелазда, печатнияб продукциялда цадахъго рукIана Гумбеталдаса авторазул тIахьал ва халкъиял мастераз гьарурал тIагIалаби.

«Гумбет» газеталъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудиновас жиндирго кIалъаялда кьокьго бицана лъагIалил хIасилазул ва басмаялъул хIаракатчилъиялъул.

«Нижеца хIалтIи гьабулеб буго халкъалъул мацIазул, маданияталъул бечелъи гIемер гьабиялъе, цIуниялъе. Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъгун, аваразул СМИязул Ассоциациялъгун ва цогидалги учреждениязгун цадахъ, тIоритIана пресс-турал, маданияталъул тарихиял цIех-рехал, цIалдолезулгун дандчIваял, рорхана гIадамазда дандчIвалел кIвар бугел суалал. 2018 соналъул 22 сентябралда Бакълъулазул районалъул Бакьулъ Гьарадирихъ росулъ тIобитIана Дагъистаналъул классик Расул ХIамзатов гьавуралдаса 95 сон тIубаялъе сайгъат гьабураб «Расул ХIамзатовасул рухIияб ирс» абураб форум. Гьениб гIахьаллъи гьабуна Дагъисталъул маданияталъул машгъурал хIаракатчагIаз. « Аварпресса.ру» сайталъ авар мацIалда загьир гьабула халкъалъул гIумру»,-ян абуна ХIамзат ГIизудиновас.



Аваразул театралъул сценаялда художественниял номералгун цере рахьана бакълъулазул лъимал.

**«Гумбет» РИО**

# 247 хъулухъ, 59 унтарав, спортзалалъе – лъеберазарго гъурущ

**(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)**

Дагъистанстаталъул районалда вугев бетIерав специалист-эксперт МухIамад Лабазановас ракIалде щвезабуна щал отчетал ва баянал росдал магIишаталъул предприятияз кьезе кколелали.



Дагъистаналъул МФЦялъул Гумбеталъул филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас абуна араб анкьалъ 247 пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ гьабунин.

Бакълъулазул районалъул централияб больницаялда сах гьавулев вуго 59 унтарав. Больницаялъул минаби лъедалъун хьезарун руго. Централияб больницаялъул бетIерав тохтурасул заместитель МухIамадхIабиб Абакаров сахлъи цIуниялда бугеб хIалалъул хIакъалъулъ справкагун кIалъазе вахъана.

ГIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул централде араб анкьалъ 48 чи вачIана, пособиял кьуна, хIалтIуда гьечIезул 98 процентазул цIидасан хъвай-хъвагIай гьабуна. ЦЗНалъул хIалтIул хIакъалъулъ гьел ва цогидал баянал рицана гьелъул нухмалъулев Муслим ГIабдурахIмановас.

Бакълъулазул гIолилазул централъул вакилзаби хIалтIулаб сапаралъ щвана «Сельсовет "Арадирихский"» росдал бегавуллъиялда гьорлъе ккогел Гъоркьа Гьарадирихъ, Бакьулъ Гьарадирихъ, ТIаса Гьарадирихъ росабалъе. Меценатасул сурсатаздалъун бараб спортзалалъе спортивияб къайи-цIа босизе гIолилазул централъ кьуна 30азарго гъурущ. ГIолилазул централъул хIаракаталдалъун ЦIияб Килалъ, ВатIан цIунулезул къоялъул хIурматалда, тIобитIана торгIо хIаялъул турнир. Гьелъул хIакъалъулъ бицана Бакълъулазул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Зубайировас.

Бакълъулазул районалдаса лъимал ихдалил каникулазул заманалда ине руго «Бакъулаб рагIаллъи» лагералде. Гьеб буго Дагъистаналъул Гъарабудагъкент районалда. Лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул вакилзабаз рорхана лъайкьеялъул иш цебетIезабиялда хурхарал суалал.

Лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадовас бицана сахлъи бугеб гIумруялъе гIоло кьеркьолаго спортакиада ва цогидалги тадбирал тIоритIиялъул.

Районалъул администрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас тIадчIей гьабуна араб анкьалъ гьабураб хIалтIуда ва хадусеб анкьалъул хIисабазда.

КIалъазе рахъаразул щивасухъ гIенеккана ва щибаб идараялда бугеб хIал лъикIлъизабизе тIадкъаял кьуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас.

**Къурмагъиз ХIадисова**

ЧАРАН КИН ЛЪАДАРАРАБ

# ТоргIо хIай, столалда теннис, гири рехи…

### Бакълъулазул районалда учреждениязул ва гIуцIабазул командабазда гьоркьоб «Сахлъи» спартакиада

**Бакълълъулазул районалъул физкультуриябгун сахгьариялъул комплексалда тIоритIана учреждениязул ва гIуцIабазул хIалтIухъаби гIахьаллъараб щибаб сонилаб спортивияб тадбир.**

Гьенир гIахьаллъана районалъул имам Шамил Назиров, лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадов ва цогидалги.

Къецал тIоритIана гьадинал тайпабазул: чIаралъусан гIебеде кIанцIи, 100 метралъ рекери, кваридасан цIай, торгIо хIай, столалда теннис, батIи-батIиял упражнениял, гири рехи ва цогидалги.

ТIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана чIаралъусн кIанцIиялъе МухIамад Батиров, столалда теннис хIаялъе ГIабдуразакъ ГIабдуразакъов, отжиманиялъе МухIамад ГIабдулмаликов, 100 метралъ векериялъе МухIамад ВалихIасанов, мугъзада вегун къаркъала борхиялъе Анвар МухIамадов, гиря рехиялъе Камил МухIамаднуров, турникалда цIан ХIажимурад Гьойтимиров.

(Ахир-лъабабилеб гьум.)

ЗУЛАЙХАТИЛ ГIАКАГИ ГIАЛИГЪАЛБАЦIИЛ ОЦГИ

# Бруцеллезалда, ящуралда, сибиралъулаб язваялда, тIурул унтиялда данде уколал гьаруна

**Бакълъулазул районалъул ветеринарияб управлениялъул ветврач - эпизоотолог ГIали ГIалиевгун дандчIвана «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъан.**

**-ГIали, бокьилаан бицине къокъго нужер араб соналъул хIалтIул хIасилазул?**

-Абизе бегьула араб соналъул хIалтIул хIасилал квешал ккечIилан. Планалда бихьизабуралдасаги цIикIкIун бахъана гIи-боцIудаса бруцелезалъе, инфекционнияб эпидидиминталъе би. Масала, планалда рекъон бруцеллез бугищан 21 азарго хIайваналдаса би бахъизе кколеб букIараб батани, бахъана 22837 хIайваналдаса. ТIатана бруцеллезалъ унтараб 22 хIайван. Гьездасан 20 гIака, магIарухъ -7, хъутабазда 15. Гьел унтарал хIайванал хъуна. Бокьахъ, сверухъ бакIазда гьабуна дизенфекция ва цогидалги ветеринариялгун санитариял хIалтIаби.



Гьаруна бруцеллезалда данде уколал 9825 гIакаялда, 071 чIахIиял гIучIрузда ва 3521 ункъго-щуго моцI барал бачазда. Бруцеллез бугищан бахъана 11881 лемагалдаса би.

Араб соналда лейкозалъул хал гьабизе 2481 хIайваналдаса би бахъана, гьездасан 1925 гIака. ТIатана лейкозалъ унтараб 17 хIайван. Гьаруна генотологическиял хал гьабиял.

Уколал гьаруна ящуралда данде 84149 хIайваналда, 290828 гIиялъажоялда, сибиралъулаб язваялда данде 32602 хIайваналда, 197872 гIиялъажоялда, тIурул унтиялда данде 1526 хIайваналда. Туберкулез бугищан хал гьабуна 18922 хIайваналъул.

Араб соналъул ахиралда районалъул киналго магIишатазда бугеб гIи-боцIи цIидасанги рикIкIана. Гьелда рекъон гьаб соналъе щибаб росу, киналго СПКял хIисабалде росун планал хIадур гьаруна ва киналго ветучреждениязде, ветспециалистазухъе, росабазул, магIишатазул нухмалъулезухъе ритIана.

**- ГьабсагIат ветхIалтIухъабаз гьабулеб хIалтIи?**

-ГьабсагIат районалда тIадбан унеб буго хIайваназдаса би бахъи, гьарулел руго бруцеллезалда данде уколал. Жакъа къоялде бахъана 1700 хIайваналдаса би ва вакцина гьабуна 1200 хIайваналда. ЛъугIизаризе ккола роолил мучIдузде гIи-боцIи гочиналде гьаризе кколел тадбирал.

**-Ветспециалистазе хIалтIуе шартIал ругищ?**

- Киналго шартIал гьечIо. Росабалъ цониги ветучреждениялъул гьечIо жалго бетIергьанал жанир чIолел бакIал. Уколал ва цогидалги тадбирал гьаризе гьечIо чалал, расколал. ГьечIо хвараб хIайван рехизе биотермическиял донкIал. Гьабураб цониги ветеринарияб хIалтIул хайир ккезе ккани, гьелъиеги хIажалъула гIи-боцIул бетIергьабазул, росабазул, магIишатазул бутIрузул кумек.

**Гара-чIвари гьабуна
ГIайшат Исламбиевалъ**

АНТИТЕРРОР. ДУНЯЛАЛЪЕ – РЕКЪЕЛ

# Зулмуялъул нухде ккечIого рукIине

### Терроризмалда дандечIараб комиссиялъул данделъи тIобитIана Бакълъулазул районалда

**26 февралалда «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялда тIобитIана терроризмалда дандечIараб комиссиялъул данделъи. Гьенир гIахьаллъана Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместителал МухIамад Хьарагишиев ва Малик Маликов, районалъул имам Шамил Назиров, АТКялъул специалистал, росабазул поселениязул бутIрул, учрежениязул хIалтIухъаби.**

Данделъи рагьана ва бачана районалъул терроризмалда дандечIараб комиссиялъул председателасул заместитель, Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев Шамил Мажидовас.

Бакълъулазул районалда экстремизмалъул ва терроризмалъул идеологиялда данде къеркьеялъул рахъалъ гьабураб хIалтIул ва церечIарал масъалабазул хIакъалъулъ бицана районалъул терроризмалда дандечIараб комиссиялъул



председателасул заместитель, Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев Шамил Мажидовас. Данделъиялда гьединго кIалъазе рахъана районалъул имам Шамил Назиров, АТКялъул бетIерав специалист Расул Даитбегов, райадминистрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул специалист, АТКялъул член ГIабдула МухIамадов.

Данделъиялъул гIахьалчагIаз терроризмалда данде къеркьеялъул бицунаго кIвар кьуна аслияб хIалтIи гIолохъанаб гIелалъулгун гьабизе ккеялде, экстремизмалъул ва терроризмалъул идеологиялда данде къеркьеялъулъ росабазул поселениязул бутIруз гIахьаллъи гьабизе ккеялъул суалазде.

**Макка МухIамадова**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ – МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

# 172 гугарухъан



**Афгъанистаналдаса советиял аскарал нахъе рачаралдаса 30 сон тIубаялъул хIурматалда эркенаб гугариялъул районалъулал къецал тIоритIана 28 февралалда Бакълъулазул районалъул ДЮСШялда 2002 ва хадусел соназ гьарурал лъималазда гьоркьор.**

**(Районалъул къецазул хIакъалъулъ «Гумбет» газеталъул хадусеб номералда хъвазе буго. Ред.баян)**

# ТоргIо хIай, столалда теннис, гири рехи...

**(Байбихьи-кIиабилеб гьум.)**

ТоргIо хIаялъе тIоцебесеб бакI ДЮСШялъул, кIиабилеб бакI пожарнияб часталъул, лъабабилеб бакI игьелдерил командабазе, кваридасан МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъ, лъабабилеб бакI цIа свинабулеб №45 идараялъ ккуна.

Бергьарал командабазеги, жалго бергьаразеги, призера



цIаялъе тIоцебесеб бакI ОМВДялъул, кIиабилеб бакI пожарнияб часталъул командабазе щвана.

Командабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ДЮСШялъ, кIиабилеб бакI Россиялъул зеги кьуна дипломал, медалал ва гIарцулал сайгъатал районалъул администрациялъул рахъалдасан.

**«Гумбет» РИО**

МИЛЛАТЦОЯЛ

# ЦIияб Килалъ тIобитIана торгIо хIаялъул турнир

### Гьелда гIахьаллъана бакълъулазул 13 команда

**ЦIияблак мухъалъул ЦIияб Килалъ росулъ тIобитIана торгIо хIаялъул турнир. Гьеб тIобитIиялъул хIаракатчагIилъун рукIана Бакълъулазул гIолилазул центр, ЦIияб Килалъ росдал администрация ва гIолилал.**

Спортивиял тадбиразда гIахьаллъана Бакълъулазул росабазул 13 команда. Турнир рагьулаго, баркиялъулал кIалъаял гьаруна ЦIияб Килалъ росдал бетIерасул ишал тIуразарулев ХIажимухIамад ХIажиевас, Бакълъулазул районалъул гIолилазул централъул нухмалъулесул заместитель МухIамад Макашариповас, гьебго идараялъул хIалтIухъан Заур Халидовас ва цогидазги.

ТоргIо хIаялъе тIоцебесеб бакI игьелдерил, кIиабилеб бакI килдерил, лъабабилеб




бакI килдерил командабаз ккуна. Бергьаразе медалалги гIарцулал сайгъаталги кьуна.

Турниралъул заманалда халгьабуна районалъул росабазул командабазул бищун лъикI хIалел щал ругоян. Гьединаллъун тIаса рищана Игьалиса ХIусен МухIамадов (бищун лъикIав гьужумалъулав), Инхоса Камил Нажмудинов (бищун лъикIав торгIо хIалев), Аргъваниса Шамил ХIажиев (бищун лъикI цIунулев), Килалъа МухIамад Насрулаев (бищун лъикI пас кьолев), Аргъваниса МухIамад Ибрагьимов (ралагьаразул шапакъат щварав).

Цо гIакъилаб рагIиялъ гIадлуялде рачуна,
Цо тIамураб кициялъ канал берал рагъула.
Инхоса ПIали-хIажи

№ 11 4 март 2019 с.

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Прокуратурой района выявлены нарушения требований законодательства об охране здоровья граждан

**Прокуратурой Гумбетовского района проведена проверка исполнения должностными лицами ГБУ РД «Гумбетовская ЦРБ» требований законодательства об охране здоровья граждан, в том числе их обеспечения лекарственными средствами и медицинскими изделиями.**

В соответствии с положениями Федерального закона от 21.11.2011 № 323-ФЗ «Об основах охраны здоровья граждан в Российской Федерации» одним из основных принципов охраны здоровья граждан является доступность и качество медицинской помощи.

Вместе с тем надзорными мероприятиями установлено, что в нарушение вышеуказанных требований законодательства в учреждении (ЦРБ) фактически отсутствует необходимое количество медицинских работников, а именно отоларинголога и дерматовенеролога, в связи с чем, медицинскую помощь указанных специалистов жители района вынуждены получать за пределами муниципального образования.

Кроме того, вопреки ст. 8 Федерального закона от 18.06.2001 № 77-ФЗ «О предупреждении распространения туберкулеза в Российской Федерации» в учреждении больше года отсутствует флюорограф, необходимые обследования граждане проходят в других медицинских организациях.

Оснащение используемых ЦРБ автомобилей медицинской помощи также не соответствует предъявляемым требованиям, выявлено отсутствие на двух машинах скорой помощи дефибриллятора с набором взрослых и детских электродов и облучателя бактерицидного циркуляционного.

Отдельные нарушения вскрыты при оснащении медицинских учреждений медицинскими изделиями.

Так, Положением об организации оказания первичной медико-санитарной помощи взрослому населению, утвержденным приказом Минздравсоцразвития России от 15.05.2012 № 543н установлено, что стандартом оснащения фельдшерско-акушерского пункта является наличие: электрокардиографа, автоматического дефибриллятора, кислородного ингалятора любого типа, дыхательного аппарата ручного (мешок Амбу), экспресс-анализатора уровня холестерина в крови портативного, спирометра, набора для проведения коникотомии.

Между тем, в нарушение указанных норм закона, в фельдшерско-акушерских пунктах Килятлинский ФАП, Тляратинский ФП, Арадирихский ФП, Цанатлинский ФП входящих в структуру ГБУ РД «Гумбетовская ЦРБ», указанное оборудование отсутствует.

Кроме того, установлено, что в нарушение требований Федерального закона «Об основах охраны здоровья граждан в РФ» и Приказа Министерства здравоохранения РФ от 22.01.2018 №36н «Об утверждении требований к комплектации лекарственными препаратами и медицинскими изделиями укладок и наборов для оказания скорой медицинской помощи» в одной из укладок для оказания скорой медицинской помощи отсутствовали обязательные лекарственные препараты.

По выявленным нарушениям законодательства об охране здоровья граждан и законодательства о лицензировании прокурором района в адрес главного врача ГБУ РД «Гумбетовская ЦРБ» внесено представление с постановкой вопроса о привлечении виновных лиц к дисциплинарной ответственности.

**М. Р. Магомедов,**
**прокурор Гумбетовского района,**
**старший советник юстиции**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Дополнительные гарантии для педагогов

**С 1 января 2019 года вступил в силу Федеральный закон от 03.07.2018 № 188-ФЗ «О внесении изменения в статью 47 Федерального закона «Об образовании в Российской Федерации».**

Законом предусмотрено предоставление гарантий и компенсаций, установленных трудовым законодательством и иными актами, содержащими нормы трудового права, педагогическим работникам образовательных организаций, участвующим по решению уполномоченных органов исполнительной власти в проведении государственной итоговой аттестации по образовательным программам основного общего и среднего общего образования в рабочее время и освобождённым от основной работы на период проведения указанной государственной итоговой аттестации.

Таким педагогическим работникам выплачивается компенсация за работу по подготовке и проведению указанной государственной итоговой аттестации.

Размер и порядок её выплаты устанавливаются субъектом Российской Федерации за счёт бюджетных ассигнований его бюджета, выделяемых на проведение государственной итоговой аттестации по образовательным программам основного общего и среднего общего образования.

**М. Р. Магомедов,**
**прокурор Гумбетовского района,**
**старший советник юстиции**

ИСЛАМАЛЪ ГЪАВУЛА ИНСАНЛЪУН ИНСАН

## Тарбия - кинидасанго

### Бакълъулазул школазда, лъималазул ахакь тIоритIана рухIиялгун лъайкьеялъул гара-чIвариял

**ДРялъул Муфтияталда цебе бугеб лъайкьеялъул отделалъул Гумбеталда ругел хIалтIухъабазул хIаракаталдалъун, Бакълъулазул районалъул школазда ва лъимала-**



**зул ахакь тIоритIана рухIиялгун лъайкьеялъул суалазда тIасан гара-чIвариял.**

Кунзахъ школалда тIобитIана рухIиял церехъабазулги цIалдохъабазулги дандчIвай. Гъениб ДРялъул Муфтияталъул лъайкьеялъул отделалъул Гумбеталда вугев хIалтIухъан ГIабдула Шахбановас гара-чIвари гьабуна «ГIолеб гIелалъе битIараб тарбия кьей» абураб темаялда. Гьебго отделалъул хIалтIухъаби ХIамзат МухIамадовас Игьали гьоркьохъеб школалда, Сабият Шахбановалъ Лъанлъариб, Зарифа Набигулаевалъ Кунзахъ школалда цебе бугеб лъималазул ахикь, Г1айшат МухIамадовалъ Гъоркь Инхо ва Асият ХIасанхIажиевалъ МелъелтIа ругел ясли-ахазда тарбия кьеялъул, берцинал тIабигIатазда куцаялъул ва цогидалги темабазда гара-чIвариял гьаруна, лъайкьеялъул учреждениязул коллективазулгун дандчIваял гIуцIана.

**«Гумбет» РИО**

РОРХАТАЛ МУГIРУЗДА РУГО ГIАДАМАЛ

## Хабалалъе нух ччукIун букIана...

### ЧIиркъдерил гIолохъабаз хIукму гьабуна росулъ хIалтIаби цадахъ лъугьун тIуразаризе

**ГьабсагIаталда Бакълъулазул районалъул ЧIиркъатIа росулъ гIолохъабаз гьабулеб бугеб хIалтIи, бихьун гурони, бицун чи божулаPо. Умумузул аби буго росу ккураб бугин херал чагIазул гIакълуялъги гIолохъабазул къуваталъгиян.**

ЧIиркъдерил гIолохъабаз, росулъ щиб хIалтIи гьабизе кканиги, цадахъ рахъун, цо хъизамалъул чагIаз гIадин, гIумруялде бахъинабизе хIисабалде гьабуна гьез цо къоялъ. Дица рехселаро гьав гIолохъанчи лъикI хIалтIанин цонигиясул цIар, цоцалъ къец бан, киналго свак лъачIого хIалтIана.

Амма рехсечIого гIоларо гьел гIолохъабазда цадахъ хIалтIарал пенсионерал Мухтарил МухIамадги Маккашарипги. Аллагь разилъаги гьездаса. ЛъикIалде кантIизаризе, малъа-хъваял гьаризе чIахIиял чагIиги рекъон рукIуна гIолохъабазда цадахъ.



босун буго. Жидецаго цере лъурал масъалаби тIурай камилго гIуцIи мурадалда, къокъаялъе нухмалъи гьабизе вищун вуго ГIалибегил вас Шамсулгьуда. Гьел росуцоязе пайдаяб ишалда хIалтIулелги руго.

Хабзалазда тIадехун автотранспорт хьвадулеб нух букIана ччукIун. 24 февралалда, 30 гIанасев гIолохъанчиги вахъун, гьеб нух къачIана. Цо чияс къого къоялъ гьабулебгIанасеб хIалтIи гьеб нух къачIаялъул хIалтIуда байбихьулаго бачIана лъикIаб гьариялъе кьураб блоказул цIураб КамАЗги.

ГIолохъабазул щулияб ният буго, росулъ щиб гьабизе кканиги, гьенире рахъине. Аллагьас къуват кьеги гIолохъабазе лъикIал къасдал гIумруялде рахъинаризе. Цогидаз мисал босизесеб жигарчилъи бихьизабулеб буго чIиркъдерил гIолохъабаз.

**Бияхъай МухIамадгIалиев**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1063
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.